

AVI RESPONSABLITE AK DWA POU SIPÒ

RESPONSABLITE W YO

Lè w siyen yon demann Asistans Tanporè (TA) Asistans Medikal (MA) epi toutotan w ap resevwa TA ak/oswa MA, ou dwe:

- I. **Di travayè sosyal ou a si w ansent oswa te ansent nan de dènye mwa ki sot pase yo paske sèten nan egzijans annapre yo ka pa valab pou w ou nan moman sa.**
- II. **Retounen (“bay”) ba Eta a ak Depatman Sèvis Sosyal lokal (“Depatman an”) dwa w yo ak dwa nenpòt manm fanmi ki fè demann pou jwenn sipò (san bliye sipò medikal) nan men nenpòt moun. [Lwa sou Sèvis Sosyal (SSL) 158 ak 348] Atribisyon sipò limite nan sipò ki ogmante pandan peryòd oumenm ak/oswa nenpòt manm fanmi resevwa asistans. Si w ap aplike sèlman pou MA, ou remèt Eta a ak Depatman an dwav yo epi dwa nenpòt manm fanmi an ki fè demann pou jwenn sipò medikal san bliye dwa w yo pou avantaj medikal. [SSL 366(4)(h)]**
- III. **Kopere ak Depatman an pou bay non papa pitit ou legalman (“tabli patènite”) epi pou jwenn nenpòt sipò (tankou sipò medikal) yo dwe w ansanm ak nenpòt pitit kap viv ak ou [SSL 132-a, 158, 349-b ak 366(4)(h)]. Si w gen yon bon rezon pou pa kopere, asire w li seksyon “DWA W YO SI W PA KOPERE” ki annapre a.**

Pou kopere vle di ou pral gen pou:

- ♦ Ale nan biwo TA, epi, si nesese, nan biwo pansyon alimantè a ak tribinal la pou siyen papye owa di sa ou konnen sou paran ki pa la. Sèten bagay yo ka mande w men ou konnen deja. Gade dèye fòm sa pou seksyon sou “**Enfòmasyon ou Ka Deja Genyen sou Paran ki Absan an**”.
- ♦ Bay non paran absan nenpòt timoun kap mande oswa resevwa TA oswa MA, epi di sa ou konnen pou ede jwenn paran sa.
- ♦ Ede tribinal la nan tabli patènite nenpòt timoun ki te fèt san paran yo pat marye.
- ♦ Di sa ou konnen sou revni paran absan epi si paran absan ap resevwa avantaj asirans maladi pou ede Depatman an ede w oswa nenpòt timoun jwenn TA oswa MA pou jwenn sipò finansye ak/oswa medikal.
- ♦ **RETIRE BOULÈT SA**

NÒT: Lè w siyen aplikasyon TA/MA a, ou sètifye, anba chaj paji, ou pral bay enfòmasyon ki vre ak konplè. Si w pa konnen anyen sou paran pitit ou a, ou dwe siyen yon fòm ki di ou pa konnen anyen.

Yon timoun fèt pou jwenn sipò nan men tou de paran li yo. Lè w kopere, w ap envesti nan avni pitit ou. Sèten nan avantaj koperasyon se:

- ♦ Jwenn paran absan an
- ♦ Tabli patènite pitit ou (gade dèye do fòm sa pou seksyon an sou “**Dwa Papa lè Patènite Tabli nan Tribinal**”)
- ♦ Jiska **\$100** sipò aktyèl ki ranmase chak mwa ale jwenn ou si genyen youn timoun aktif sou dosye TA w la (yo rele sa yon chèk “transfè (pass-through)” oswa “bonis”); jiska **\$200** sipò aktyèl yo ranmase chak mwa ale jwenn ou si w gen de oswa plis timoun aktif sou dosyee TA w.”
- ♦ Jwenn sipò ki ta ka ede w konsa ou pa tap bezwen TA
- ♦ Pitit ou benefisyè dwa eritaj pou asirans medikal oswa vi
- ♦ Oumenm ak pitit ou gen dwa pou Sekirite Sosyal, avantaj Veteran oswa gouvènman pi devan.

DWA W SI W PA KOPERE

I. Si w santi koperasyon pap bon pou wou oswa pou pitit ou:

- A. Ou gen dwa pou fè yon “reklamasyon pou yon rezon valab” dèske w pa kopere a. Sa ki annapre yo se rezon Depatman an pral itilize pou wè si li ka apwouve reklamasyon pou rezon valab ou a:
 - ♦ Koperasyon w ta ka lakòz blezi fizik oswa emosyonèl pou w ou oswa pitit ou
 - ♦ Pitit ou a fèt apati yon gwoès ki rive akòz ensès oswa vyòl
 - ♦ W ap travay ak tribinal la oswa yon ajans adopsyon otorize pou bay pitit ou nan adopsyon.
- B. Ou gen dwa fè yon “reklamasyon pou rezon valab” nenpòt moman lè w di yon travayè sosyal sa. Si w fè yon reklamasyon pou rezon valab, ou dwe:
 - ♦ Bay prèv pou pwouve sa bay Depatman an. Gade dèye do fòm sa pou seksyon an sou “**Egzanp Prèv ou Ka Bay Pou Yon Reklamasyon pou yon Rezon Valab**”. Si w bezwen èd pou jwenn prèv la, Depatman an pral ba w èd rezonab. Si reklamasyon w lan se akòz laperèz blezi fizik, epi w pa ka jwenn prèv la, Depatman an ka toujou anmezi pou l apwouve reklamasyon pou rezon valab ou a.
 - ♦ Bay prèv **nan 20 jou** apre reklamasyon pou rezon valab ou a. Ou ka sèlman gen 20 jou menm si ou gen difikilte pou jwenn prèv.

NÒT: Si w ap aplike pou TA oswa MA, ou dwe bay prèv epi di sa ou konnen sou paran absan, oswa pou pral resevwa mwens TA epi ou pap resevwa MA pou tèt ou.

Yon fwa ou fè yon reklamasyon pou yon rezon valab, Depatman an pral fè youn nan sa ki annapre yo:

- ♦ Apwouve reklamasyon w lan sou baz prèv ou bay poua pwouve youn nan rezon valab ki site nan Seksyon I.A. ki anlè a. Si reklamasyon w lan apwouve, ou pa pral gen pou kopere ak Depatman an.
- ♦ Refize reklamasyon w lan paske prèv ou te bay la pa te sifi pou pwouve youn nan rezon yo ki site nan Seksyon I.A. ki anlè a.
- ♦ Analize (“investige”) reklamasyon w plis pou Depatman an ka jwenn enfòmasyon li bezwen pou wè si li ka apwouve reklamasyon w lan. Ou ka gen pou di sa ou konnen sou paran absan an, tankou non ak adrès li. Depatman an pa pral kontakte paran absan an san l pa di w sa anvan.

NÒT: Inite Egzekisyon Pansyon Alimantè pou Timoun nan (CSEU) ka egzamine sa Depatman an jwenn yo ak desizyon sou rezon valab la. Si w mande yon odyans sou reklamasyon pou yon rezon valab, CSEU a ka konsènen nan odyans sa. Si reklamasyon pou rezon valab ou a apwouve, CSEU a ka eseye tabli patènite oswa resevwa pansyon alimantè sèlman si Depatman an deside sa ka fèt san danje pou wou ak pitit ou a. Sa pap fèt san yo pa di w sa anvan.

II. Si w pa kopere epi w pa gen yon reklamasyon ak yon rezon valab oswa dispans pou vyolans nan kay ki te apwouve:

- ♦ Ou pap jwenn pi pitit TA epi ou pap jwenn MA pou oumenm.
- ♦ Yo ka bay lajan TA pou pitit ou a bay yon lòt moun yo rele yon “benefisyè pwotektè”.

Mwen li paj **devan ak dèye** avi sa,

Mwen **kapab** kopere nan chèche child support san m pa espoze pitit mwen oswa tèt mwen nan danje fizik oswa emosyonèl.

Mwen **pa kapab** chèche child support, paske sa tap as it would expose my children or myself to physical or emotional harm.

Mwen bay demand/benefisyè a yon kopi avi sa.

SIYATI OSWA DEMANDÈ/BENEFISYÈ

DAT

SIYATI TRAVAYÈ SOSYAL LA

DAT

I. ENFÒMASYON OU KA DEJA GENYEN SOU PARAN ABSAN AN

Yo pral mande w leplis enfòmasyon posib sou paran ki absan an. Nimewo Sekirite Sosyal ak dat li fèt enpòtan anpil. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo sou paran absan an nan dokiman annapre yo:

- ◆ Souch pèman
- ◆ Retou Taks (se ka retou komen)
- ◆ Fòm ak lèt ki soti nan Depatman Enpo
- ◆ Bwochi Prestasyon pou Chomaj (UIB)
- ◆ Dosye Sekirite Sosyal/Administrasyon Veteran
- ◆ Deklarasyon konpansasyon travayè sosyal
- ◆ Dosye lekòl/Kolèj
- ◆ Polis asiran vi ak otomobil
- ◆ Kanè bank (kounye a oswa ansyen)
- ◆ Dosye ak bòdwo doktè/dantis
- ◆ Papyè maryaj
- ◆ Kat ID (asirans maladi, ID lekòl, anrejistreman etranje)
- ◆ Lòt dosye pèsònèl

II. EGZANP PRÈV OU KA BAY POU YON REKLAMASYON POU YON REZON VALAB:

- ◆ Batistè, oswa dosye medikal oswa lapolis, ki montre pitit ou a fèt apati yon gwosès ki te rive akòz ensès oswa vyòl
- ◆ Dosye tribinal oswa lòt dosye ki montre aksyon sa sou yon adopsyon legal nan tribinal pou kounye a.
- ◆ Tribinal, sèvis medikal, kriminel, pwoteksyon timoun, sèvis sosyal, dosye sikolojik oswa lapolis ki montre paran prezime oswa absan an ka blese w oswa pitit ou a sou plan fizik oswa emosyonèl.
- ◆ Dosye medikal ki montre istwa sante emosyonèl ak istwa sante w jounen jodi a oswa pa pitit ou; oswa deklarasyon alekri pèsònèl sante mandal ki montre yon dyagnostik oswa pwonostik sou sante emosyonèl ou oswa pa pitit ou.
- ◆ Yon deklarasyon alekri ki soti nan yon ajans piblik oswa prive ki di y ap ede w deside si pou w kenbe oswa bay pitit ou pou adopsyon.
- ◆ Deklarasyon sou sèman moun tankou zanmi, vwazen, relijye, travayè sosyal ak pèsònèl medikal ki ka konnen sitiyasyon w epi ki ka konfime baz reklamasyon pou rezon valab ou a chita.

Si w bezwen èd nan jwenn prèv, mande Depatman an. Depatman an pral ba w yon èd rezonab nan jwenn prèv ou bezwen an.

III. DWA PAPA LÈ PATÈNITE TABLI NAN TRIBINAL

Lè yon tribinal tabli kiyès ki se papa yon timoun, oswa lè yon manman ak papa rekonèt se li ki papa timoun nan lè yo siyen yon fòmilè Rekonesans Patènite nenpòt lè apre pitit la fèt, papa a ka mande pou:

- ◆ Li gen gad pitit la
- ◆ Ale wè pitit la
- ◆ Patisipe nan nenpòt plan adopsyon oswa fwaye dakèy pou pitit la
- ◆ Pa dakò ak adopsyon oswa plasman nan fwaye dakèy pitit la
- ◆ Erite de pitit la